**दिन–शनिवार** **दिनांक–21.09.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रदेश सँ भऽकऽ जायबाली गंगा, सोन, पुनपुन, घाघरा, बुढ़ी गंड़क आओर कोसी सहित कतेको नदी खतराक निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ भेटल जनतबक अनुसार गंगा नदिक जलस्तर पटनाक दीघा घाट मे खतराक निशान सँ एक सय एकसठि सेंटीमीटर ऊपर अछि। ओतहि, हथिदह मे नदी खतराक निशान सँ एकसय तिरसठि सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल अछि। एम्हर, मुंगेर मे सेहो गंगा नदी रौद्र रूप धारण कयने अछि। एतय नदी खतराक निशान सँ पचास सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल अछि आ एहि ठाम जलस्तर बढ़ियेरहल अछि। गंगा नदी भागलपुर मे लाल निशान सँ बहत्तरि सेंटीमीटर आओर कहलगाँव मे एक सय तैंतीस सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल अछि। सोन नदिक जलस्तर सेहो पटनाक मनेर मे खतराक निशान सँ एक सय अठारह सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल अछि। एम्हर, पुनपुन नदिक जलस्तर पटनाक श्रीपालपुर मे लाल निशान सँ तिरानवे सेंटीमीटर ऊपर बनल अछि। बुढ़ी गंडक नदिक जलस्तर खगड़िया मे खतराक निशान सँ दू सय नओ सेंटीमीटर ऊपर बनल अछि। कोसी नदी कटिहारक कुर्सेला मे लाल निशान सँ निनानवे सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल अछि। एम्हर, घाघरा नदी सीवानक दरौली मे लाल निशान सँ चौबीस सेंटीमीटर ऊपर अछि।

---

पटना, सारण, भोजपुर, बेगूसराय आओर बक्सर सहित राज्यक दस जिला मे बाढ़िक स्थिति मे कोनो सुधार नहि अछि। ई सभ जिलाक साठे पांच लाख सँ बेसी लोकसभ बाढ़ि सँ तबाह छथि। आपदा प्रबंधन विभाग आओर स्थानीय प्रशासन दिस सँ बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे जोर–शोर सँ रहत आओर बचाव काज चलाओल जा रहल अछि। तबाहीबला क्षेत्र मे लोकसभ लेल सामुदायिक भनसाघर चलाओल जा रहल अछि। संगहि, बाढ़ि पीड़ित सभक बीच पॉलीथिन सीट आओर दवाई सहित आनो–आन जरूरी चीज सभ बांटल जा रहल अछि। एम्हर, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ गंगा नदिक बढ़ैत जलस्तर सँ भेल बाढ़िक स्थितिक

निरीक्षण कयलनि। मुख्यमंत्री जल संसाधन विभागक अधिकारी सभ के अलर्ट आओर बाढ़िक स्थिति पर सदिखन नजरि रखबाक लेल जनौलनि अछि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार जनौलनि अछि जे विधि–व्यवस्था राज्य सरकारक पहिल प्राथमिकता अछि। ओ जनौलनि ज अपराध नियंत्रण मे कोनो कोताही बर्दास्त नहि कयल जायत। आइ गृह विभागक समीक्षा बैसार मे मुख्यमंत्री पुलिस अधिकारी सभ के रात्री गश्ती तेज करब आओर वरीय अधिकारी सभ के स्वयं औचक जांच करबाक लेल जनौलनि अछि।

———————————————————————

जनता दल यूनाईटेड बिहार प्रदेश राज्य कार्यकारिणीक गठन कयलक अछि। प्रदेश कार्यकारिणी मे एक सय अठारह लोकसभ के लेल गेल अछि। एहि मे पार्टी राष्ट्रीय अध्यक्ष मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आओर सांसद संजय कुमार झा के राष्ट्रीय कार्यकारिणीक अध्यक्ष बनाओल गेल अछि। प्रदेश अध्यक्ष उमेश सिंह कुशवाहा एहि लेल सूची जारी कयलनि अछि।

———————————————————————

जदयूक राजसभा सांसद संजय कुमार झा दरभंगा एयरपोर्ट पर यात्री लोकनि के भऽ रहल कठिनाई के दूर करय के लऽकऽ आइ केन्द्रीय नागरिक उड्यन मंत्री राम मोहन नायडू सँ भेंट–घांट कयलनि। श्री झा दरभंगा एयरपोर्ट के अंतर्राष्ट्रीय एयरपोर्ट बनाबय आओर रनबेक विस्तार के लऽकऽ एक विस्तृत ज्ञापन सौंपलनि। केन्द्रीय मंत्री विभागक अधिकारी सभ के जनौलनि जे दरभंगा एयरपोर्ट के अंतर्राष्ट्रीय एयरपोर्ट बनाबय सँ जुड़ल विस्तृत रिपोर्ट तैयार कयल जाय।

———————————————————————

प्रदेश मे भऽ रहल भूमि सर्वेक्षण आओर बंदोबस्त काज मे अखन धरि छत्तीस लाख लोकसभ स्व घोषणा–पत्र दाखिल कयलनि अछि। एहि मे सँ रैयत सभ पचीस लाख स्व घोषणा–पत्र शिविर मे जा कऽ ऑफलाईन आओर एगारह लाख पत्र ऑनलाईन दाखिल कयल गेल अछि। राजस्व आओर भूमि सुधार विभाग दिस सँ कार्यक्रमक समीक्षाक बीच विभागीय सचिव जय सिंह जनौलनि जे राज्यक चारि सय पैंतीस अंचल मे स्व घोषणाक काज चलि रहल अछि। ओ लोकसभ सँ सर्वे के लऽकऽ अफवाह पर ध्यान नहि देबाक लेल जनौलनि अछि।

———————————————————————

अमृत भारत स्टेशन योजना मे पूर्व मध्य रेलवेक समस्तीपुर मंडलक झंझारपुर स्टेशन आओर दानापुर मंडलक बड़हिया आ मोकामा स्टेशन के लेल गेल अछि।

———————————————————————

प्रदेशक पूर्व मुख्यमंत्री भोला पासवान शास्त्रीक जयंती आइ मनाओल गेल। एहि मौका पर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार श्रीकृष्ण स्मारक भवन परिसर मे भेल राजकीय समारोह मे हुनक तैलचित्र पर माल्यार्पण कऽ हुनका श्रद्धांजलि देलनि।

———————————————————————

मधुबनीक अदालत सुरेन्द्र भिंडवार आओर जयप्रकाश यादव के हत्याक एक मामिला मे उम्र कैदक सजाक संग–संग तीस–तीस हजार टकाक अर्थदण्डक सजा सुनौलक अछि। ई सभ वर्ष दू हजार उनैस मे खुटौना पेट्रोल पंप लऽग गोली मारि कऽ अब्दुल हसनान उर्फ राजू के हत्या कऽ देने छल।

———————————————————————

मधुबनी जिला लदनिया प्रखंडक जीविका दीदी सभ अपन मांग के लऽकऽ जीविका कार्यालय मे ताला लगा कऽ धरणा–प्रदर्शन करैत सरकारी काम–काज ठप कऽ देलनि अछि। एहि लेल प्रोग्राम प्रबंधक एगारह नामजद सहित अज्ञातक खिलाफ प्राथमिकी दर्ज करौलनि अछि।

———————————————————————

समाप्त